



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN GARUT
MADRASAH TSANAWIYAH NEGERI**

PENILAIAN AKHIR SEMESTER

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas : VII (Tujuh)
Semester/Tahun Pelajaran : Ganjil/2022-2023
Waktu : 90 menit

Petunjuk :

1. Perhatikan dan ikuti petunjuk pengisian Lembar Jawaban yang disediakan;
2. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawab;
3. Laporkan kepada pengawas alua terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang;
4. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah;
5. Pilihlah salah satu jawaban yang paling benar dengan menghitamkan bulatan jawaban;
6. Apabila Anda ingin memperbaiki/mengganti jawaban, bersihkan jawaban semula dengan penghapus sampai bersih, kemudian hitamkan bulatan jawaban yang menurut Anda benar;
7. Periksalah seluruh pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas.

1. Paguneman asal kecapna tina
A. Gayem C. gunem
B. Neman D. Pagu
2. Harti anu paling deukeut tina kecap paguneman nyaéta
A. Silih asah C. Silih témpas
B. Silih tampa D. Silih asih
3. Wangun kalimah nu aya dina paguneman nyaéta
A. Kalimah panitha
B. Kalimah pangajak
C. Kalimah langsung
D. Kalimah teu langsung
4. Tatakrama basa teh nyaéta
A. Aturan sopan santun makéna basa dumasar kana kalungguhan, kararaban, jeung teu aya hubungan jeung peran panyatur, pamiarsa, tur nu dicaritakeun
B. Aturan sopan santun makéna basa dumasar kana kalucuan, kararaban, jeung teu aya hubungan jeung peran panyatur, pamiarsa, tur nu dicaritakeun
C. Aturan sopan santun makéna basa dumasar kana kalungguhan, kaakraban, jeung aya hubungan jeung peran panyatur, pamiarsa, tur nu dicaritakeun
D. Aturan sopan santun makéna basa dumasar kana kaluyuan, kaakraban, jeung aya hubungan jeung peran panyatur, pamiarsa, tur nu dicaritakeun
5. Tilu wangun tatakrama basa sunda, iwal ti
A. Basa lemes C. Basa kasar
B. Basa wajar D. Basa lémés
6. Nu kaasup kana paguneman resmi nyaéta
A. Sawatara C. Biantara
B. Sawala D. Upacara
7. Conto paguneman teu resmi nyaéta
A. Sawala
B. Biantara
C. Diskusi ngeunaan bahaya narkoba
D. Ngawangkong caritaan sapopoe jeung babaturan
8. Naskah karya sastra anu paling sering ngagunakeun wangun paguneman nyaéta
A. Kawih C. Dongeng
B. Sajak D. Drama
9. Basa kasar umumna dipaké keur ka
A. Saluhureun C. Sapantaran
B. Sahandapeun D. Sato atawa keur ambek

10. Ditilik tina rupa-rupa paguneman teh nyaéta
A. Paguneman resmi jeung paguneman teu resmi.
B. Paguneman hiburan jeung paguneman teu hiburan
C. Paguneman rahasia jeung paguneman teu rahasia
D. Paguneman umum jeung paguneman teu umum
11. Kaulinan barudak nyaéta
A. Mangrupa kagiatan anu henteu enya-enya
B. Mangrupa kagiatan bari heureuy
C. Milampah hiji pagawean pikeun ngabungahkeun haté
D. Milampah hiji pagawean pikeun ngabungahkeun haté, boh ngalongkéwang (bolestong) boh maké alat
12. Kaulinan barudak anu maenkeuna kudu bari ngawih nyaéta
A. Ngadu kaleci C. Cingciripit
B. Langlayangan D. Congkak
13. Makna atawa ajén-inajén kahirupan dina kaulinan barudak, iwal
A. Ajén hiburan (récréatif)
B. Ajén olahraga (sportif)
C. Ajén atikan karakter (disiplin, gotong royong, mandiri, kerja keras)
D. Ajén perekonomian
14. Kaulinan anu teu kudu maké alat nyaéta
A. Pepeletokan C. Simar
B. Paciwit-ciwit lutung D. Sapintrong
15. Tingali gambar di handap ieu!

- Ngaran kaulinan anu dina gambar teh nyaéta
A. Sondah C. Sapintrong
B. Simar D. Sisiriban
16. Tingali gambar di handap ieu!

- Ngaran kaulinan anu aya dina gambar teh disebutna
A. Gatrik C. Egrang
B. Galah D. Écor
17. Cing ciripit
Kacapit ku bulu paré
Bulu paré sesekeutna
Jol pa dalang mawa wayang
Jrék-jrék nong, Jrék-jrék nong.
- Dihandap ieu keur ngalengkapan lirik kawih anu paling bener nyaéta
A. Tulang bajing kacapit
B. Tulang hayam kacapit
C. Tulang bangkong kacapit
D. Tulang sakit kacapit
18. Kaulinan nu niru-niru jelema nu geus rumah tangga, aya bapa, ibu, anak, tatangga, warung, pasar, jsb. Biasana dilakukeun ku barudak awéwé, tapi saupama aya budak lalaki sok pirajeunan dijadikeun bapa. Disebutna kaulinan
A. Anjang-anjangan C. Congkak
B. Sondah D. Egrang
19. Kaulinan tina kai atawa awi panjang ipis nu ditengah-tengahna maké as sarta muih/muter pas katebak angin, disebutna
A. Papanggalan C. Jajangkungan
B. Kolécér D. Pepeletokan
20. Istilah “engklé tuluy ulah ngaleuwihan garis” biasana aya dina kaulinan
A. Anjang-anjangan C. Congkak
B. Sondah D. Egrang
21. Pupujian téh nyaéta salahsahiji hasil karya sastra Sunda dina wangun
A. Puisi (ugeran) C. Wawacan
B. Pantun D. Guguritan

22. Wangun jeung eusi pupujian nyoko kana ajaran agama
 A. Hindu C. Islam
 B. Konghucu D. Protestan
23. Pupujian téh kauger (dibatasi) kunaon, iwal
 A. Purwakanti C. Padalisan
 B. Pada D. Engang
24. Ngagalindeungkeun atawa ngalagukeun pupujian téh disebutna
 A. Hotaman C. Nyanyi
 B. Nyinden D. Nadoman
25. "Padeukeut atawa saruana sora kecap dina ungkara kalimah" nyaéta harti tina
 A. Jejer C. Purwakanti
 B. Rumpaka D. Engang
26. "Padeukeut atawa saruana sora anu ngajajar kagigir dina padalisan" disebut
 A. Purwakanti runtuyan
 B. Purwakanti rantayan
 C. Purwakanti guru swara
 D. Purwakanti guru basa
27. Nu teu kaasup bagian tina wanda kalimah, Nyaéta....
 A. Kalimah deklaratif
 B. Kalimah intérogatif
 C. Kalimah ésklamatif
 D. Kalimah provokatif
28. Anu kaasup kana kalimah wawaran, nyaéta...
 A. Mun balik pangmeulikeun dodol di jalan. Nya!
 B. Kuring diuk di korsi panghareupna
 C. Nya pasti urang nu bakal katempuhan
 D. Nuju naraon ieu téh?
29. Di handap ieu mangrupa ciri tina kalimah Wawaran, iwal
 A. Ditungtungan ku tanda titik
 B. Mibanda lentong pamungkas wawaran
 C. Mibanda pungsi ngabéjaan
 D. Mibanda pungsi ngébréhkeun
30. Titénan pada tina cutatan pupujian di Handap!
 Eling-éling dulur kabéh
 Ibadah ulah campoléh
 Beurang peuting ulah weléh
 Bisina kaburu paéh
- Anu kaasup kana kalimah wawaran, nyaéta
 A. Eling-eling dulur kabéh
 B. Ibadah ulah campoléh
 C. Beurang peuting ulah weléh
 D. Bisina kaburu paéh
31. Anu teu kaasup kana pungsi kalimah wawaran, nyaéta dipaké pikeun....
 A. Ngederalkeun rasa kahéran
 B. Méré inportasi
 C. Ngabéjaan
 D. Nerangkeun

Soal pikeun nomor 32-35!

Dina poé salasa, tanggal 06 februari 2019, kuring sakeluarga indit ka ci panas ciater bandung. Harita téh mangkatna sakitaran jam 08.00 isuk ti imah, kuring sakeluarga mangkat ka ciater naék mobil pun mamang

Basa nepi kaditu téh sakitaran jam 11.00. Beurang éta kaayaan di ditu lumayan ramé da puguh masih poé peré sakola kénéh. Réa jalma nu keur marandi cai panas, ti mimiti budak neupi ka kolot. Teu ngadagoan lila kuring ogé langsung mandi di ditu sakeluarga. Reseup pisan poko namah di ditu téh.

Kurang leuwih sakitaran jam 14.00 mandi cai panas, indung kuring ngageroan ceunah titah dahar heula babarengan, émang kuring mawa bekeul sorangan ti imah jang di purak di ditu. Salain kaluarga kuring, tangtuna di ditu ogé loba jalma anu keur naririis ogé. Teu karasa didinya téh waktu geus nunjukeun jam 15.00 soré.

Jam 15.30 kuring jeung keluarga geus siap-siap rék balik ka imah, diperjalanan kuring kasaréan tibna nakeur na mobil, teu karasa basa hudang téh tos arék nepi daeui ka imah, abdi neupi imah sakitaran jam geneup pas pisan basa rék magrib.

32. Judul anu cocok keur carita pangalaman diluhur nyaéta
A. Liburan ka cipanas ciater
B. Mandi cai panas
C. Botram di cipanas
D. Ka ciater tumpak mobil mamang
33. Sabaraha lila perjalanan kuring ti imahna nepi ka cipanas
A. Tilu jam C. Genep jam
B. Opat jam D. Dalapan jam
34. Kaasup kana pangalaman kumaha carita diluhur
A. Pikaeraeun C. Pikasediheun
B. Pikalucueun D. Pikabungaheun
35. Kumaha kaayan di ciater basa kuring nepi diditu
A. Resep loba batur
B. Réa jalma nu keur marandi cai panas
C. Sepi pisan pas nepi ka ciater teh
D. Loba jalma anu keur nariis.
36. Pangalaman nyaéta kajadian anu kaalaman dina mangsa....
A. Ayeuna
B. Kaliwat
C. Ka hareupna
D. Heubeul
37. Nu lain mangrupa pungsi tina nulis jeung nepikeun carita pangalaman pribadi, nyaéta
A. Pikeun panginget-ningget di mangsa hareup
B. Pikeun pieunteungeun
C. Pikeun ngabolékrkeun rusiah pribadi
D. Ngalatih kaparigelan nulis jeung nyarita
38. Mangpaat atawa pangajaran anu bisa dicokot Tina carita pangalaman pribadi disebut....
a. Rasa carita
b. Hikmah carita
c. Runtuyan carita
d. Jejer carita
39. Carita pangalaman pribadi umumna ditulis dina wangun....
A. Narasi
B. Éksplorasi
C. Déskripsi
D. Arguméntasi
40. Wangun narasi, nyaéta nepikeun carita ku cara...
A. Ngagambarkeun objék carita kalawantétela
B. Ngajéntrékeun hiji hal dumasar kana alesan-alesan anu kuat
C. Medar objék nepi ka bubuk leutikna
D. nyaritakeun runtuyan kajadian